



Pou Piblikasyon Imedya: 08/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN NOUVO RANP NAN ECHANJÈ KEW GARDENS LAN NAN QUEENS

*Nouvo ranp lan ki soti nan direksyon lwès Union Turnpike pou ale nan direksyon lwès Grand Central Parkway la fasilite sikilasyon*

*Ranp lan ki redesine sou direksyon lès Jackie Robinson Parkway la amelyore depasman nan Grand Central Parkway la*

### Ranp yo te konstui nan kad faz 4 pwojè Echanjè Kew Gardens Depatman Transpò Eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon etap enpòtan nan Faz 4 Pwojè Echanjè Kew Gardens lan nan Queens. Konstriksyon an te acheve nan de ranp ki fèk rekonfigire k ap amelyore sekirite epi diminye konjesyon sou tout koridò ki frekante anpil sa ke plizyè santèn milye pasaje itilize chak jou pou ale nan Ayopò Entènasyonal John F. Kennedy ak lòt destinasyon kle nan tout Vil New York ak Long Island. Nouvo ranp lan ap bay koneksyon ki pi fasil pou otomobilis yo antre nan direksyon lwès Grand Central Parkway soti nan direksyon lwès Union Turnpike, pou moun ki soti nan lès Jackie Robinson Parkway nan Exit 8W pou ale Grand Central Parkway.

Nouvo ranp yo k ap ouvri nèt vandredi swa, se yon eleman siyati faz 4 pwojè 365 milyon dola Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation, NYSDOT), ki pral ede diminye, bakòp, emisyon machin yo epi fasilite kwasans ekonomik kontini atravè Rejyon Metwopolitèn nan an antye.

"Nou angaje pou rekonstui enfrastrikti nou an pou reponn ak defi 21yèm Syèk la epi ede kominote lokal nou an fleri," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo ranp sa yo nan Echanjè Kew Gardens lan ap ede soulaje blokis epi rann li pi fasil pou otomobilis yo navige nan echanjè vital sa, k ap kenbe byen ak moun k ap deplase yo nan plis sekirite."

Nouvo ranp lan ap mennen nan direksyon Lwès Union Turnpike pou ale nan lwès Grand Central Parkway elimine bezwen anvan an pou chofè yo te pran yon arè konplè anvan yo antre nan parway la k ap pèmèt sikilasyon pou fizyone nan fason ki pi efisyan epi diminye blokis sou toulede wout yo.

Nouvo ranp ki soti nan lès Jackie Robinson Parkway nan Exit 8W pou ale nan direksyon

Iwès Grand Central Parkway la te redesine pou diminye yon koub enpòtan ki te egziste nan Exit 8W. Nouvo ranp lan, ki sou yon nouvo pon, gen vwa regilye ak akotman ki laj, ki pa t egziste anvan. Pwojè a ogmante tou longè fizyon an soti nan lès Jackie Robinson Parkway pou rive nan lwès Grand Central Parkway - ki te pèmèt yon siyal kanpe nan fen ranp lan - epi modènize sistèm drenaj yo. Modènizasyon sa yo ap pèmèt chofè yo fizyone nan plis sekirite ak efisyans nan kote sa.

Anplis, travay sou Exit 8E, Jackie Robinson Parkway la ki ale nan direksyon lès Grand Central Parkway la te achete tou.

Achèvman ranp yo vini apre ouvèti nouvo ranp nan Exit 13W Grand Central Parkway pou ale nan lwès Jackie Robinson Parkway ak nouvo Exit 7 Van Wyck Expressway la, ke toulede te enkli nan faz 4 pwojè Echanjè Kew Gardens Interchange lan. Pon yo, ki te konplete nan kad faz 4 la, enkli pon ki ale nan direksyon lwès Union Turnpike lan sou Grand Central Parkway, pon ki soti nan lwès Grand Central Parkway la pou ale nan lwès Union Turnpike / Queens Boulevard, ak pon ki soti nan lès Union Turnpike sou Grand Central Parkway.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Pwojè Echanjè Kew Gardens lan se youn nan premye priyorite Depatman Transpò a epi se yon eganp prensipal de angajman New York pou fè investisman ki entelijan nan entrastrikti nou k ap fasilite rezistans, amelyore kalite lavi epi fè pwomosyon kwasans ekonomik. Nouvo ranp sa yo ap amelyore sikilasyon, fasilite sekirite epi diminye blokis nan youn nan echanjè ki pi frekante nan Vil New York."

**Reprezantan Grace Meng te deklare,** "Jan mwen te di a, investisman kontini nan wout lokal ak otowout nou yo enpòtan, patikilyèman pandan n ap chèche modènize entrastrikti nou epi rekonstui pi byen. Achèvman sa yo nan nouvo ranp yo, ak rezilta amelyorasyon yo sou sekirite ak diminisyon konjesyon, ap amelyore depasman pou rezidan Queens yo, ak tout moun ki itilize pòsyon otowout sa. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta New York paske yo kontinye fè pwojè sa vane."

**Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare,** "Mwen vle felisite Gouvènè Hochul ak Komisè NYSDOT a, Domingues pou achèvman Faz 4 Pwojè Echanjè Kew Gardens lan. Depi twò lontan bouchon fizyon plizyè gwo atè sikilasyon te lakouz nan Grand Central Parkway, Van Wyck Expressway, Jackie Robinson Parkway ak Utopia Turnpike, se te yon gwo tèt fè mal ak sous fristrasyon pou chofè yo. Pandan n ap kontinye jwenn fason pou amelyore sekirite epi diminye emisyon yo, mwen kontan pou achèvman nouvo ranp sa yo k ap pèmèt chofè Queens ansanm ak vizitè ki prale nan katye Mond lan, ak pi bon aksè ak mobilite pou ale nan JFK ak lòt pati nan vil la."

**Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare,** "Achèvman de ranp sa yo pote soulajman ki tèlman nesèsè pou plizyè santèn milye chofè chak jou sou Echanjè Kew Gardens lan. Otomobilis yo pa bezwen enkyete ankò sou konstriksyon k ap fèt nan zòn sa k ap kreye detou ak konfizyon, epi chofè yo ap rekonesan ke nouvo ranp yo pral amelyore blokis nan gwo wout sa yo. M ap youn nan chofè rekonesan sa yo, paske

mwen kondui sou echanjè a chak fwa mwen deplase ale nan biwo mwen nan Albany. Mwen remèsye NYS DOT pou travay yo sou pòsyon sa nan faz 4 pwojè yo a."

**Manm Asanble Daniel Rosenthal te deklare,** "Pandan New York ap kontinye rekonstui soti nan efè devastan pandemi sa, li enpòtan ke nou genyen enfrastrikti pou sipòte yon ekonomi k ap rekipere. Dènye devlopman sa nan pwojè Echanjè Kew Gardens yo ap benefisye alafwa elektè mwen yo ak vil nou an, an jeneral. Mwen remèsye NYSDOT pou angajman alontèm yo nan inisyativ sa."

**Manm Asanble Andrew Hevesi te deklare,** "Ranp sa yo pral fasilite sikilasyon epi bay mezi sekirite siplemantè pou plizyè milye vwazen ki itilize wout sa chak jou. Mwen rekonesan ak Gouvènè Hochul pou achèyman rapid pwojè sa."

**Prezidan Minisipalite Queens lan, Donovan Richards Jr. te deklare,** "Achèvman ranp sa yo se yon lòt etap nan amelyorasyon kontinye enfrastrikti transpò nan Queens. Chofè k ap itilize ranp sa yo ap eksperimente plis sekirite ak deplasman ki pi fasil gras ak rekonfigirasyon sa. Pwojè Echanjè Kew Gardens lan se yon reyalizasyon ki vitalman enpòtan pou rezo transpò awondisman an, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Transpò eta a Marie Therese Dominguez paske yo fè pwojè sa yon priyorite."

Kew Gardens Interchange lan se entèseksyon konplèks ki ant Grand Central Parkway lan, Van Wyck Expressway lan, Jackie Robinson Parkway lan ak Union Turnpike, ki ap desèvi plis pase 200,000 veyikil pa jou. Depatman Transpò Eta New York lan ap fè yon seri amelyorasyon operasyonèl atravè kat kontra konstwiksyon nan wout echanj lan ki ekivo a prèske 700 milyon dola. Kat faz nan pwojè a yo ap ranfòse sekirite epi amelyore trafik sikilasyon an sou Interstate 678 (Van Wyck Expressway), Grand Central Parkway lan, ak Jackie Robinson Parkway lan. Travay nan premye fas la te kòmanse an 2010 epi yo prevwa fini faz final la an 2022.

Pwojè Faz I an ki te konplete a te gen ladan elajisman yon pati nan Van Wyck Expressway lan, epi reyabilite ranp sòti nan direksyon nò Van Wyck lan pou rive nan direksyon lwès Queens Boulevard, kat pon sou Van Wyck lan, Pon Van Wyck ki sou Main Street lan ak Pon Queens Boulevard ki sou Main Street. Pwojè sa te gen ladan tou konstwiksyon wout oksilyè yo sou alafwa direksyon nò ak direksyon sid Van Wyck ant Grand Central Parkway lan ak Main Street, epi li te bay yon liy sòti ki dedike nan direksyon sid Hillside Avenue.

Pwojè Faz II ki fini an, te konstwi yon nouvo vyadik ki pi laj nan direksyon nò Van Wyck Expressway, ki pote twa wout deplasman kounye Faz III a fini an. An plis, li te ranplase ranp antre yon sèl wout lan ki konekte Jackie Robinson Parkway lan ak Union Turnpike avèk direksyon nò Van Wyck Expressway lan ak yon nouvo ranp ki gen de wout. Yo te enstale yon nouvo platfòm sou pati lès Pon Union Turnpike sou konektè ranp Grand Central Parkway, ak yon nouvo platfòm ak poutr pon annasye te enstale sou pon an kote Union Turnpike ak Jackie Robinson Parkway fè yon sèl.

Faz III a ki fini an, ranplase vyadik ki gen de liy ki deteryore ki egziste ki ale nan

direksyon sid Van Wyck Expressway lan ki sou Grand Central Parkway la pa yon vyadik ki gen twa liy, epi konstwi nouvo sòti yo ki ale nan direksyon lwès Union Turnpike ak Jackie Robinson Parkway. Twa liy ki soti nan Van Wyck Expressway lan fizyone tou kounye a ak de liy ki soti nan Grand Central Parkway lan sou yon distans ki pi long.

Faz IV la ankou, l ap konekte ansanm amelyorasyon ki fèt deja yo pandan twa premye faz konstriksyon yo. Pwojè a ap enstale senk nouvo pon epi ranplase sis pon ki egziste; k ap elaji vwa depasman ak akotman yo; amelyore ranp antre ak soti yo pou emelyore sikilasyon; chanje konfigirasyon vwa yo pou fizyon ak soti ki gen plis sekirite; amelyore vizyon a distans; modènize siyalizasyon; epi fè amelyorasyon nan ekleraj, drenaj, ak peyizaj.

Swiv DOT Eta New York nan Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT New York City](https://twitter.com/NYS DOT New York City) | [@NYS DOT NYC](https://twitter.com/NYS DOT NYC) | [Twitter](https://twitter.com/NYS DOT NYC). Jwenn NYSDOT sou Facebook nan [facebook.com/NYS DOT](https://facebook.com/NYS DOT)

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)